



Règ kominotè sou Sèvis ki baze lakay e nan kominote (Home and Community Based Services, HCBS)

Kisa règ kominotè sou Sèvis ki baze lakay epi nan kominote (HCBS) ye?

Règ kominotè a se yon règ federal ki asire patisipan ki egzante nan HCBS gen aksè nan benefis nan lavi kominotè, e yo viv e resevwa sèvis nan yon milye entegre ki pa nan enstitisyon.

Règ kominotè a egzije lokasyon sèvis lakay e nan kominote a (ki rele "milye") satisfè sèten kalifikasyon. An vèti règ sa a, tout milye yo dwe:

- Fè pati nan yon kominote pi laj e soutni tout aksè nan lavi kominotè
- Chwazi pa moun lan pami diferan opsyon
- Respekte vi prive, diyite, ak libète chak moun kont presyon e kontrent
- Soutni endepandans chak moun e kapasite moun lan pou l fè pwòp chwa l nan lavi li
- Ofri chwa ki siyifikatif nan sèvis yo e nan ki moun k ap founi yo

Gen kondisyon siplemantè pou lokasyon sèvis kote moun ap viv ki pou yon founisè sèvis oubyen se yon founisè sèvis ki jere lokal la. Nan kay sa yo, moun dwe:

- Gen yon kontra lokasyon oubyen yon lòt akò legal ki pwoteje dwa yo kòm lokatè
- Gen entimite nan pwòp espas kote y ap viv, sa gen ladan pòt ki klete, chwa kolokatè, e libète pou mete mèb oubyen dekore espas pa yo a
- Ka kontwole pwòp orè jounalye yo, sa gen ladan aksè nan nouriti nenpòt lè yo vle
- Ka resevwa vizitè nenpòt lè
- Viv nan kay ki fizikman aksesib

Lòt enfòmasyon enpòtan sou règ kominotè HCBS la.

Si youn nan kondisyon sa yo gen pou ajiste nan yon milye sèvis ki pou yon founisè, se pou chanjman an baze sou bezwen presi moun lan e se pou l klèman dokimante nan plan sèvis ki santre sou moun lan.

Si yon patisipan ki gen egzonerasyon HCBS nan Massachusetts estime youn nan milye kote l ap viv la oubyen kote l resevwa sèvis pa konfòm ak règ kominotè a, li gendwa depoze yon griyèf bay eta a.

Pou plis enfòmasyon sou règ sa a oubyen pou depoze yon griyèf, tanpri monte nan

www.mass.gov/HCBSCommunityRule.